



# Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.  
Office of the Superintendent



19 Septanm 2022

Nou SalyeTout Anplwaye, Fanmi ak Moun K'ap Bay Swen nan Lekòl Piblik Distri Vil Orange lan,

Mwen ekri w lèt sa a jodi a pou'm avèti kominate lekòl nou an konsènan mesaj administrasyon Orange High School la pataje ki te menase avèk vyolans. Dei lè yo te kominike mesaj la acèk biwo mwen, mwen te mete tout distri a an alèt. Distri a te enfòme Depatman Lapolis Orange lan ki te ale nan Orange High School la imedyatman. Anplis de sa, yo te prezan pandan ranvwa lekòl la e menm aprè.

Lè nou konsidere kesyon tire nan lekòl Uvalde a, nan Texas nan mwa Jen 2022 a (lavi ki te pèdi ak move enpak sa gen yon kominate a) ak sa k'ap pase nan nasyon nou an, nou ap trete alam sa a ak anpil prekosyon, paske nou dwe kontinye mete sekirite an premye nan lekòl nou yo.

Li enperatif pou nou enfòme kominate lekòl nou an sou enfòmasyon k'ap sikile epi kenbe ou okouran de aksyon rapid nou yo. Depatman IT (Teknoloji) nou an ap travay avèk dilijans pou idantifye "moun ki responsab" ensidan sa a ki lage nan lè a pou nou ka aji kòmsadwa epi bay sipò.

Li enpòtan anpil pou'n pran tan pou'n pale avèk timoun yo, poze kesyon gid sa yo, epi ba yo yon kote ki an sekirite pou yo pataje enkyetid yo. Kòm yon distri lekòl, nou angaje nou'n fè menm bagay la. Tan sa yo mande pou nou travay ansanm sou yon sèl akò pou asire ke timoun nou yo fè nou konfyans ase pou enfòme nou lè gen pwoblèm pami zanmi yo oswa si yo konnen yon moun ki voye mesaj ki pa awopriye.

Jan nou te pataje sa déjà, distri a kontinye apiye sou Ekip Enfòme sou Chòk Sipèèntandan an pou bay fanmi yo ak anplwaye yo resous kòm yon fòm sipò. Tanpri gade anda a resous ke kominate lekòl nou an ka itilize pandan tan sa yo.

<https://childmind.org/guide/helping-children-cope-after-a-traumatic-event/>

<https://www.apa.org/topics/gun-violence-crime/shooting-aftermath>

<https://sesamestreetincommunities.org/topics/violence/>

<https://www.kqed.org/mindshift/59143/war-crisis-tragedy-how-to-talk-with-kids-when-the-news-is-scary>

<https://www.commonsensemedia.org/articles/kids-mental-health-apps-and-websites-for-anxiety-depression-coping-skills-and-professional-support>

<https://www.nasponline.org/resources-and-publications/resources-and-podcasts/school-safety-and-crisis/school-violence-resources/talking-to-children-about-violence-tips-for-parents-and-teachers>

Nou mande pou w rete vijilan epi fè distri a konnen nenpòt enfòmasyon menasan ke ou ka tande oswa wè. Pa gen enkyetid ki twò piti, paske nou vle tande tout kesyon oswa enkyetid ou yo. Kontinye itilize [reopeningofschools@orange.k12.nj.us](mailto:reopeningofschools@orange.k12.nj.us) epi w'ap resevwa yon repons nan 24-48 èdtan aprè nou fin resevwa'l. Anfe, mwen remèsyé ou pou kwayans ou ak konfyans ou nan lekòl distri nou an. Nou sètènman nan sa nou ye a ansanm.

Edikasyonèlman,

*Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.*

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.  
Sipèèntandan Lekòl yo

C: Jason Belton, Direktè Orange High School la